



KÒMAN POU EVITE EKSPOZE AK RADYASYON ILTRAVYOLÈT

PREVANSYON RISK AKOZ EKSPOZISYON NAN RADYASYON ILTRAVYOLÈT
KI FÈT AKOZ SOLÈY LAKIYÈS KI SE TRAVAYÈ KI EKSPOZE
A RADYASYON UV?

Travayè ki ekspoze a radyasyon UV yo se moun ki fè travay ki gen rapò dirèk ak radyasyon solè nan jou ant 1e septanm ak 31 mas, ant 10:00 a.m. ak 5:00 p.m., ak moun ki fè fonksyon nòmal anba Radyasyon UV, ak yon endèks ki egal a oswa pi gran pase 6 nan nenpòt ki lè nan ane a. Travayè ki gen pi gwo ekspoze yo se:

- Gad sekirite
- Travayè Jaden
- Travayè latè
- Pechè
- Moun ki travay nan Sovtaj

KI MEZI KONTWÒL
LALWA EGZIJE?

Pou pwoteje travayè sa yo, Dekrè Siprèm No 594 la mande pou konpayi yo aplike mezi prevantif pou yo ka evite domaj sou sante, ki pi enpòtan yo se:

- Enfòmè travayè yo sou posib risk, nan ka sa a ekspoze a radyasyon UV. Fè yon pwogram prevansyon ekri pou pwoteksyon kont ekspoze nan travay nan radyasyon UV
- Fè yon pwogram fòmasyon travayè ekri ak yon dokiman ki anrejistre tout fòmasyon yo
- Pibliye endèks UV chak jou ak mezi kontwòl ki nesèsè yo sou afich vizib yo. Aplike mezi kontwòl ki apwopriye yo: Enjenyè, administratif ak pwoteksyon pèsònèl

POUKISA LI ENPÒTAN POU
APLIKE MEZI KONTWÒL LALWA
EGZIJE YO?

Nan twa dènye ane ki sot pase yo, Direksyon Travay la bay 3,877 sanksyon a konpayi ki pa enkòpore nan règleman entèn yo itilizasyon obligatwa eleman pwoteksyon pèsònèl kont radyasyon iltravyolèt, oswa ki pa bay yo gratis a travayè yo.

Se poutèt sa, li enpòtan anpil pou konpayi yo konfòme yo avèk règleman aktyèl yo, e si yo pa fè sa, yo ka pran gwo amann sòti nan 3 a 60 UTM (ant \$ 120,000 ak \$ 2,400,000), dapre kantite travayè nan chak konpayi

RÈGLEMAN
ASOSYE YO

- Lwa No 16,744, Ministè Travay ak Sekirite Sosyal kont risk akòz aksidan travay ak maladi moun fè a koz travay yo
- Lwa No 20,096, Sekretè Jeneral Ministè Prezidans lan etabli mekanis kontwòl ki aplikab a sibstans ki diminye kouch ozòn lan
- DS 594 etabli nan atik 109 a), b) ak c), yon seri de kondisyon ke patwon yo dwe satisfè kote travayè ki ekspoze a radyasyon UV travay

KISA MWEN KA FÈ KÒM
PREVANSYON?

- Sèvi ak eleman tankou may nwa ak mare epè, plante pyebwa pou pwodwi lonbraj nan espas travay yo
- Fè wotasyon travay, redwi travay nan èdtan yo le radyasyon solè lan vinn pi wo.
 - Mete rad epè ak etwat mare (byen epè), nan koulè nwa (vèt fonce, gri, ble, etc..)
- Mete lantiy ak pwoteksyon UV
- Aplike anpil krèm solèy ki fo, UVA ak UVB krèm pwotèj kont solèy ak yon SPF minimòm 30 chak 2 èdtan

CURSOS DE
CAPACITACIÓN ACHS

Todos los trabajadores que realicen este tipo de labores deben participar en el siguiente curso achs: "Prevención de riesgos radiación uv de origen solar"

Visite el sitio web www.achs.cl para obtener mayor información sobre cómo acceder a esta capacitación.